



Pou Piblikasyon Imedya: 05/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 200,000 DOLA POU RETABLI SÈVIS BIS NAN JONES BEACH

Sèvis Pandan Semèn nan sou Wout Eksprès Ant Konte Nassau yo Pral Rekòmanse nan dat 6 Jiyè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 200,000 dola pou kapab relanse sèvis pandan semèn nan sou Wout Eksprès Ant Konte Nassau (Nassau Inter-County Express, NICE) yo nan Pak Eta Jones Beach pandan sezon ete sa. Sou òdonans Gouvènè a, Biwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) lan, Depatman Transpò (Department of Transportation), Empire State Development ak Konte Nassau te jwenn yon solisyon pou retabli yo apre ke yo te fòse Konte Nassau sispann sèvis yo pou rezon bidjetè jis semèn pase a.

“Pak Eta Jones Beach se yon destinasyon estival prensipal, epi transpò piblik yo ede plizyè milye Nouyòkè menm jan ak vizitè aksede a trezò Long Island sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Envestisman nou yo nan pak eta san parèy New York yo enèjize alafwa ekonomi eta ak lokal yo epi yo sèvi kòm yon katalizè pou endistri touristik Eta New York lan.”

Sèvis Bis NICE yo pral kòmanse bay sèvis yo sèt jou pa semèn kòmanse apati Jedi 6 Jiyè. Sèvis soti Lendi rive Vandredi yo pral pandan chak èdtan, y’ap pati soti Freeport 30 minit apre lè a epi pati soti nan plaj la 55 minit apre lè a.

Sèvis Samdi ak Dimanch yo pral fèt chak mwatye èdtan, ak sèvis adisyonèl jan sa nesesè, y’ap kite Freeport chak èdtan e demi, epi y’ap pati soti nan plaj la 25 ak 55 minit apre lè a.

Sèvis bis yo pral kòmanse nan Freeport a 8:30 a.m. epi dènye bis lan pral pati soti nan Jones Beach a 8:55 p.m. Yon tikè NICE ale retou nan Jones Beach soti depi nan estasyon LIRR Freeport lan li koute 5.50 dola. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Yo estime kantite vwayaj estival yo a 33,000 ak 16,000 vwayajè pandan semèn nan ki pral benefisye de sèvis sa ki retabli an.

Ak yon estimasyon 4 milyon vizitè nan Jones Beach ant Jounen Memoryal ak Jounen Travay la, sèvis NICE lan te pwouve ke li se yon fason efikas epi san estrès pou ale sou plaj ak pak eta yo.

Komisyonè Park Eta yo (State Parks), Rose Harvey te di, “Nan ogmante aksè epi amelyore sèvis kliyantèl yo sa kontinye rete pi gwo priyorite nou yo nan konekte vizitè yo ak mond ekstèn yo ak pak eta yo. Sèvis NICE yo ap bay ankò yon lòt opsyon pou vizitè yo pou yo kapab sòti epi eksperimente transfòmasyon mèveye a ak nouvel opòtinite yo nan Pak Eta Jones Beach gras a Gouvènè Cuomo”.

Delege Ministè Transpò a, Matthew J. Driscoll te di, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li retabli sèvis esansyèl Jones Beach sa. Gouvènè a te rekonèt depi lontan ke investisman estratejik yo nan transpò ak pwomosyon touris yo entegral pou kwasans pèmanan ak konpetitivite ekonomik Long Island”.

Direktè Konte Nassau a, Edward P. Mangano te di, “Plaj Long Island yo se kèk nan pi gwo atou nou yo, epi investisman Gouvènè Cuomo yo nan resous natirèl nou yo te transfòme yo an pi gwo destinasyon touristik nou yo. Lè nou retabli aksè nan Jones Beach, plis vizitè pral kapab eksperimente bèl plaj nou an epi ede atire ekonomi lokal la. Mèsi, Gouvènè Cuomo, poutèt travay ou pou fè yo retabli sèvis bis NICE yo”.

Senatè John E. Brooks te di, “Gras a angajman Gouvènè Cuomo nan Long Island, yo pral retabli sèvis bis NICE yo pou kapab pèmèt plizyè milye vizitè ki soti atravè eta a eksperimente mèveyè Jones Beach yo. Pak eta ak plaj yo nan Long Island se kèk nan resous ki pi vital pou nou yo, epi li enperatif pou nou fè tout sa nou kapab pou amelyore aksè ak atou yo, epi kontinye transfòme yo an destinasyon touristik ki menm pi gwo. Mwen enpasyon travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou kontinye atire endistri touristik lan nan Long Island”.

David G. McDonough, ki se Manm Asanble, te deklare, “Jones Beach se yonn nan destinasyon estival ki pi popilè nan New York, epi mwen kontan anpil pou mwen genyen sèvis NICE yo ki retabli jis atan pou sezon plaj lan. Patenarya sa pral asire ke Nouyòkè yo ak vwayajè yo gen aksè fasil a transpò pou kapab rann yo nan bèl Jones Beach lan ki nan Konte Nassau, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li ede fè tout bagay sa yo posib”.

Christine Pellegrino, ki se Manm Asanble, te deklare, “Jones Beach se yon bijou ki renouvle nan Long Island epi nan asire ke transpò piblik yo disponib, nou ap ouvri destinasyon peryòd estival sa a deplizanpli vizitè ki soti atravè eta a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Biwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik lan poutèt aksyon rapid yo nan retabli sèvis bis konvenab sa pou Nouyòkè yo menm jan ak vizitè yo pou kapab pran avantaj de li epi pwofite de tout sa ke Long Island ak Jones Beach gen pou ofri”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418